10. Исторический опыт и перестройка. Человеческий фактор в социально-экономическом развитии СССР. – Москва: «Мысль», 1989. -С.18.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада 1917-1920 йилларда Қорақолпоғистон қишлоқ аҳолисининг ижтимоий-иқтисодий аҳволи ва тоталитар шўро тизимининг амалга оширган аграрислоҳотлари ва унинг натижалари ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается социально-экономическое положение сёл Каракалпакстана в 1917-1920 годах и аграрные реформы тоталитарной советской власти и их итоги.

**SUMMARY.** The article deals with the socio-economic situation of villages of Karakalpakstan in 1917-1920 and agrarian reforms of totalitarian Soviet power and their results.

# РОССИЯ ИМПЕРИЯСЫНЫҢ ЖАЎЛАП АЛЫЎЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫ МӘДЕНИЯТЫНА ТӘСИРИ

**Н.Б.Бекбаўлиева –** *таяныш докторант*

*Бердақ атыңғы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** Чор Россияси, Хива хонлиги, маданият, урф-одат, маросим.
**Ключевые слова:** Царская Россия, Хивинское ханство, культура, традиции и обычаи, обряды.
**Key words:** tsarist Russia, Khiva Khanate, culture, traditions and customs, rituals.

1873-жылы Патша Россиясы Хийўа ханлығын жаўлап алды. Сол дәўирлерде Хийўа ханлығына сиясий жақтан ғәрезли болып келген қарақалпақ халқы Патша Россиясының жаўлап алыўына қарамастан, өзиниң миллий мәдениятын, үрп-әдет ҳәм дәстүрлерин сақлап қала алды.

Бурынғы ўақытлары қарақалпақлар хожалық турмысында турақ жайларын от, тас шыра менен жақтыландырып, оларға өсимлик майларын пайдаланған болса, Россия империясы қурамындағы дәўирде темир печьлер көбейип, морылы шыралар, керосин лампалар пайдаланылған. Тас төселген жоллар пайда болған. Қарақалпақлардың көшип-қоныўында, зәрүрли жүклерин тасыўында, әтирапындағы еллер менен саўда-сатық, қарым-қатнас, байланысларында күш көлиги: арба (телеген арба, тат арба), айдарлы кеме, сал, шанадан пайдаланыўы бурынғысынша қалған.

XIX әсирдиң екинши ярымында да қарақалпақлар кийим ушын пахта, жүн, жипек, торқа сабақларынан тоқылған гезлемеден, қой-жанлық, жылқы терилеринен пайдаланған. Гезлемелерди жергиликли өсимликлерден қайнатып алынған бояўларға, ямаса қоңсы халықлардан саўдагерлер әкелген бояўларға бояған. Оларға мөре басып, соң пишип, кийимлер тиккен. Қызлар менен келиншеклердиң кийимлеринде қызғыш реңлер басым, ал жасы қайтқан ҳаяллардың кийимлеринде ақ реңлер басым келген [1:110]. Сондай-ақ, “Жағдайым келеди” деп, жасы қайтқан ҳаяллар бөзден исленген ақ жегдениң орнына қызыл жипек жегде жамылса, “бетиниң қызылы кетсе де, жипек жегде жамылып жүрипти” деп халық оларды айыпсынғанлығы айтылады [4:128].

Мағлыўматларға қарағанда кийимлик гезлемелер өрмекте, қозақта тоқылған, 1873-жылдан кейин фабрикада тоқылған гезлемелер көбейген. Бирақ, булар қурғын хожалықларда болып, кең халық өрмекте тоқылған бөзден кийинген. Заводларда исленген полат ийнелер, фабрикада ийрилген түрли сабақлар көбейген. Кийим тигетуғын ҳәр түрли машиналар, оларға зәрүрли түрли сабақлар Россиядан әкелинген. Булар менен көйлек, диз кийимлер тигилип, шапанлар сырылған [2:34].

Ағаш усталары отаў, ергенек, арба, кеме, шана, гүнде, мойынтырық, шығыр ислеген. Турмысқа зәрүрли бел, орақ, пышақ, кетпен ҳәм тағы басқа затларды темирши усталар ислеген. Халық шеберлери бул затларды адамлардың буйыртпасы бойынша ислеп, ҳақысын затлай алған. Россия қурамында болған дәўирде ақшалай ҳақы алған. Ҳәр бир аўылдағы усталар өз аўылласларына затларды «көгине ислесе де, тегине ислемеген», яғный енди егилип атырған егинге зәрүрли пазна, орақ, бел ҳәм т.б. үй хожалығында пайдаланатуғын қурал-сайманларды ислеп, оның ҳақысын сол егинниң өниминен алған. Халық ерте дәўирлерден күнкөрис ҳәм тиришилик ушын мал шарўашылығы менен шуғылланыў, дийқаншылық етиў, балық аўлаў ҳәм аңшылық пенен шуғылланыўын даўам еткен. Жылдың ҳәр қыйлы мәўсимине ылайық түрли миллий тағамларды таярлай алған.

Ҳәр қандай затларды таярлаўдағы зәрүрли затларды базардан, әтирaптағы еллерден келген кәрўанлардан сатып алған, жергиликли дереклерден өндирген. Мәселен, темир, шойын затлардың көпшилигин Россиядан саўдагерлер әкелип сатқан [3:174].

Россия қурамына өткени менен, қарақалпақларда тәўипшилик үстемлик еткен. Мойнақ аймағында Сырымбет, Қоңыратта Бекмурат, Шымбайда Қулеке тәўиплер тамыр услап, аўырыўдың түрин анықлап, қан басымын пәсейтиў ямаса көтериў арқалы, өсимлик, ҳайўанат гөшинен ҳәм майынан исленген дәрилер менен көплеген адамларды емлеген. Тәўиплердиң еми арқалы адамлардың аўырыўына шыпа таўып, тәўир болып кетиў ҳалатлары көп болған.

Патша Россиясы қарақалпақ халқын жаўлап алғаннан кейин белгиленген аймақта өзгерислер жүз береди. Мәселен, 1887-жылы Россиядан келген П.А.Благовещенский басшылығында Төрткүлде 15 орынлық емлеўхана ашылады, оған 1888-жылы И.И.Авдакушин, кейин Габетин, Горский, Шумейколар басшылық еткен. Бирақ, булар тек Төрткүл қаласындағы ҳәм оның әтирапындағы адамларға тийисли медициналық жәрдем көрсеткен. Онда сынықшылар, порханлар, тәўиплер ҳәм шершилер адамларға ем буйырған. Аязлаған адамлардың тамырларын жибитип, қан айланысларын жақсылаў, исиклерди қайтарыў ушын айырым өсимликлердиң қайнатылған суўларын (жантақ, ғарбыз, анар, жийде) ишкизген, ыссы булаўларға салған, қум ҳәм дузға түсирген. Денедеги майда қышымаларды қайнатылған әдираспан, дузлы суў менен жоқ еткен. Аўырған тислерди алып таслаў, гейпара ийисли өсимликлерди аўырыў тислерге тислетиў арқалы емлеген. Көз аўырыўға қабақ түйнегин, ғаўаша түйнегин тартқан. Көз тийгенде қошқар мүйизи, бурыш, пыяз қыстырған. Биреўден гүманланса, ол адамға билдирмей, оның кийиминен жыртып алып өртеген, оның түтинин аўырыў адамға, малға ийискеткен. Малда ылаң болса, оларды Хожелидеги «Жомарт қассап» думпешигинен, Төк қаладағы, Омар хожа обасынан айландырған. Сол арқалы малдағы ылаңды кетириўге болады деп ойлаған. Бул арқалы адамлардың ерте дәўирден қәлиплескен түрли исеним ырымларға исенгенлиги көринеди. Әййемнен халықтың санасынан беккем орын алған ҳәр қыйлы исеним ырымлардың бийкарланыўы мүмкин емес еди.

Қарақалпақлар әзелден-ақ дәстүр болып киятырған өзлерине тән миллий той-тамашаларын, заўқы-сапа ойынларын өткерип келген. Бундай миллий той-тамашалар, мерекелер, ойынлар, тийкарынан гүзги аўыл-хожалық егинлерин жыйнап болғаннан соң, келеси бәҳәрги егис басланғанға шекем даўам еткен. Халықтың турмыс-тиришилигинен, руўхый дүньясынан терең орын алған бундай той дәстүрлери Россия

қурамындағы дәўирде де даўам еткен. Халық өзлериниң миллий спорт, ойын-тамаша түрлеринен жуўырыў, тас көтериў, арқан тартысыў, дилўарлық жарыслары менен гүрес, жорға сүриў, бәйгиге ат жибериў, әткеншек, бақсы-жыраў тыңлаў, саз-сәўбет өткериў, сейил, гештек, зыяпатлар, отырыспа менен қатар аға бий ойынлары өткерилген.

Балаларға тәлим берип, басланғыш саўатқа үйрететуғын мектеплерде Қуран ҳәм диний мазмундағы "Шар китап", шығыс классик шайырлары Суўфы Аллаяр, Әлишер Наўайы, Физулий, Хожа Ҳафызлардың китаплары өтилген. Бул оқытыў системасындағы «Мусылман мектебиниң өз оқыўшыларының санасына сиңдиретуғын унамлы тәрепиниң бири — сыртқы сыпайылық, тәртиплилик, ҳүрметлилик ҳәм миллий дәстүрлерди бузбаў ҳәм ҳүрметлеў» екенлигин патша Россиясының басқарыў органлары тән алған [4:139].

Тарийхшы М.Қарлыбаевтың мағлыўматларына қарағанда 1873-1900-жыллары Қарақалпақстан аймағында 70 ке жақын медресе болған [5:132]. Ең ири медресе сыпатында "Қарақум ийшан медресеси", «Тас медресе», "Қум өзек ийшан медресе"си танылған. Жантемир ийшан, Имам ийшан, Айымбет ийшан, «Хан мешит», Әбсеттер ахун, Әбдиқадир ийшан, Айымбет ийшан, Әбдирейим ахун, Әбдикерим ахун, Ешим ахун, Әсем ийшан, Пирим ийшан, Рахметулла ахун, Қәлендердағлы медреселери тәлим берген. Қарақалпақ зиялылары болған Қасым Әўезов, Аббаз Дабылов, Сейфулғабит Мәжитов, Әбдираман Өтепов сыяқлы жазыўшы, шайырлар ҳәм драмматурглер, сондай-ақ, елимиздиң басқа да әжайып тулғалары сол дәўирлердеги медреселерде оқып, саўатын ашқан зиялылар еди. Медреселер хаткер, мираб, қазы, мударрис сыяқлы жоқары билимли ағартыўшыларды таярлап берди.

Қарақалпақстанда дәслепки жадидлер «жаңа усыл» мектеби 1907-жылы Петро-Александровск қаласында татарлар тәрепинен ашылады. Дерлик усы ўақыттың өзинде-ақ, бундай мектеплер Хожели менен Қоңырат қалаларында да ашылады. «Жаңа усыл» ҳәрекетиниң көрнекли ғайраткерлеринен Қарақалпақстанда Суфизада, С.Мәжитов, Ю.Ахметов, З.Шакиров ҳ.т.б. болды [6:129].

Биринши рет Қарақалпақстан аймағында Шаббазда кеселхана, Нөкис, Шымбайда медпункт, Петро-Александровскийде лазерет қурылып, иске түсирилди [7.83]. 1874-жылы Петро-Александровскте ер балалар қалалық училищеси, баслаўыш рус мектеби ашылды. Ал, 1878-жылы сол мектеп қалалық училищеге айландырылады. 1885-жылы ҳаял-қызлар училищеси ашылады. Рус-тузем мектеплери ашыла баслайды. Бундай мектеп 1887-жылы Нөкисте ашылып, ол бир жылға жетер-жетпес-ақ өмир сүрди. 1900-жылы Шымбай ҳәм Шораханда еки рус-тузем мектеплери ашылды. Деген менен, мусылман мектеп-медреселери 1928-1929-жылларға шекем өмир сүрип, халыққа мусылман саўатын таратыў исин даўам етти.

XIX әсирдиң екинши ярымында Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш шайырлардың ең жақсы дәстүрлерин Аннақул, Қулмурат, Бекжан, Сыдық, Әбдиқәдир, Қазы Мәўлик, Омар, Сәпиўра, Жаңабай, Аяпберген, Аббаз ҳәм басқалар раўажландырды ҳәм байытты. Аннақул шайыр Мәмбетхожа улының «Сайланған ақсақалға», «Дәмең барма болыслықтан», Қулмурат шайыр Қурбаналы улының «Залымлар исин үдетти», «Он тоғыз», Әбдиқәдир шайыр Бекимбет улының «Көрдим», «Дәркәр», «Мегзер», «Керек», «Қызкеткен», Бекжан шайыр Нурым улының «Яранлар», «Дигилдик», Сыдық Тоқпан улының «Заман», «Яранлар», «Дәўраным», «Аққапшық», Омар шайыр Сүйирбек улының «Не пайда», «Көринди», «Айырша», «Елим», «Нәйлейин», «Бар екен», «Берермен», Сәпиўра шайырдың «Көйлек», «Неге», Жаңабай шайыр Қаратай улының «Қазы ийшан», «Даўыт», Аяпберген шайыр Муўса улының «Көлге қаш», «Табылмас», Аббаз шайырдың «Қырға шыққанда», «Өткен заман қайта айланып келер ме?» шығармаларында 1873-1900-жыллардағы турмысы баян етилген, өзлери жасаған заманның тарийхый, сиясий, социаллық-жәмийетлик жағдайлары реал сәўлеленген.

Россия империясы қурамына киргеннен кейин метрополия экспедициялық топарлары шөлкемлестирилип, үлкемиз бойынша тәбийий, тарийхый, фольклорлық, әдебий материаллар жыйнады. 1875-жылы «Ески ҳәм жаңа Россия» деген китапта Н.Каразин бир неше қарақалпақ ертеклерин дағазалады. 1880-жылы Ә.Диваев Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы генерал-майор К.И.Разгоновтың жәрдеми арқалы Жийемурат жыраў Бекмухаммед улынан «Алпамыс» дәстанын жаздырып алып, оны 1902-жылы Ташкентте «Сырдәрья областының статистика ушын материаллар топламы» деген жыйнақта биринши рет бастырып шығарады. 1878-1880-жылларда «Түркстан ўәлаяты» газетасында Қулмурат шайырдың қосықлары, Әжинияздың Қыз Мәңеш пенен айтысы жәрияланды. 1891-жылы А.Русакова Төрткул әтирапынан жыйналған қарақалпақлар жөниндеги материалларын Қазан қаласында бастырып шығарады. 1900-1903-жыллары И.А.Беляев Төрткүл, Нөкис, Шымбай, Қоңыратта болады. «Едиге», «Қоблан» дәстанларын, «Қарақалпақ шежире»син жазып алып ҳәм ески араб алфавити менен қарақалпақ тилинде, ал "Қоблан"ның қысқаша мазмунын рус тилинде 1916-1917-жыллары Ашхабадта бастырып шығарады [8:29]. Деген менен, үлкемизде бурынғысынша, қыссаханлықта "Әжинияз жолы", "Қазы Мәўлик жолы", "Аққирпик жолы", "Қәуендер бала жолы" деген белгили қыссаханлық даўам еткен.

Демек, патша Россиясының жаўлап алыўы, колониаллық сиясаты қарақалпақ халқының турмыс жағдайына, әсирлер бойы қәлиплескен хожалық жүргизиў дәстүрине, мәдениятына күшли тәсир көрсете алмаған, халқымыз өзлигин, миллийлигин, әдебияты менен көркем-өнерин сақлап қала алған. Соның менен бирге, халықтың өмиринде, экономикасы, жәмийетлик турмысы ҳәм мәдениятында үлкен өзгерислер жүз берди.

**Әдебиятлар**


1. Этнография каракалпаков. – Ташкент: "Фан", 1980.
2. Курбанова З.И. Каракалпакский костюм: традиции и новации. – Нукус: "Илим", 2021.
3. Акимниязова Г.А. Каракалпакские базары в XIX – начале XX веков: особенности функционирования и роль в жизни населения // Исторический журнал: Научные исследования. – Москва: 2021. № 2.
4. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. –Нөкис: "Қарақалпақстан", 2003.
5. Карлыбаев М.А. К истории ислама у каракалпаков: исторические, социальные, этнические, генеалогические контексты. – Нукус: "Илим", 2021.
6. Уразбаева Р.Дж. История образования в Каракалпакстане. – Ташкент: 2010.
7. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклористикасы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.
8. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 1977.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Чор Россиясининг қорақалпоқларни забт этиши ва унинг халқ маданиятига таъсири масаласи ҳақида сўз юритилади. Қорақалпоқлар Россия империяси таркибига киргандан кейин халқ ҳаётида, яшаш тарзида юз берган сиёсий-маданий ўзгаришлар ва қадимдан келаётган миллий урф-одат маросимларининг ўзгаришсиз қўлланилиши масаласи тадқиқ қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье речь идёт о завоевании каракалпаков Царской Россией и влияние этого на культуру народа. А также делается попытка раскрыть вопросы неизменности существующих испокон веков традиций и обрядов в свете произошедших политико-культурных изменений в жизни и быте народа.

**SUMMARY.** This article discusses the conquest of the Karakalpaks by Tsarist Russia and its impact on the culture of the people. It also attempts to shed light on the persistence of traditional customs and rituals in the face of significant political and cultural changes in the lives and daily routines of the people.

# ЯНГИ ЎЗБЕКИСТОНДА ИНСОН ҲУҚУҚЛАРИНИ ҲИМОЯ ҚИЛИШ БЎЙИЧА ИЖТИМОИЙ ШЕРИКЛИКНИНГ ҲУҚУҚИЙ АСОСЛАРИ

**Э.З.Нишанбаева –** *сиёсий фанлар бўйича фалсафа доктори, доцент*
*Мирзо Улуғбек номидаги Ўзбекистон миллий университети*

**Таянч сўзлар:** ижтимоий шериклик, жамоатчилик назорати, ижтимоий масъулият, ҳуқуқий давлат, нодавлат ташкилот, жамоатчилик назорати, тараққиёт стратегияси, фуқаролик жамияти.

**Ключевые слова:** социальное партнерство, общественный контроль, социальная ответственность, верховенство закона, неправительственная организация, общественный контроль, стратегия развития, гражданское общество.

**Key words:** social partnership, public control, social responsibility, rule of law, non-governmental organization, public control, development strategy, civil society.

Халқаро тажриба инсон ҳуқуқлари ва эркинликлари, турли ижтимоий-сиёсий гуруҳлар ва синфлар манфаатларини таъминлаш ва муҳофаза қилиш, долзарб ижтимоий-иқтисодий, сиёсий-ҳуқуқий, маданий-гуманитар, экологик вазифаларни ҳал этиш, жамият барқарор ривожланишини таъминлаш, фуқаролик жамиятини шакллантиришда ижтимоий шериклик алоҳида ўрин тутишини кўрсатмоқда.

Ижтимоий шериклик бу- давлат ҳокимияти органлари ва фуқаролик жамияти институтларининг ўзаро ҳамкорлиги ва манфаатларни уйғунлаштириш асосида жамиятда мавжуд бўлган муайян ижтимоий муаммоларни ҳал этишга қаратилган мулоқот ҳамда консенсусга келиш тизимидир [1].

Мамлакатда ижтимоий шериклик тамойилларининг амал қилиши - миллий иқтисод, барқарор ривожланиш, аҳоли фаровонлиги ва турмуш даражаси ўсишининг гарови, эканлигини кўрсатади.

Маълумки, ҳуқуқий давлатда жиддий аҳамиятга эга бўлган ижтимоий муносабатлар Конституция ва унга асосланган қонунлар билан тартибга солинади. Давлат органларининг фуқаролик жамияти институтлари билан ҳамкорлиги ҳам ўз моҳиятига кўра шундай ўта долзарб ижтимоий муносабатлардан бири ҳисобланади. Ижтимоий шерикликнинг ҳуқуқий асосларини тадқиқ этишда амалдаги норматив-ҳуқуқий ҳужжатларда мавжуд ҳамкорликка оид нормаларни таснифлаш, тизимлаштириш алоҳида аҳамият касб этади.

Мамлакатимиз қонунчилигида давлат ва ФЖИ ҳамкорлиги ва ижтимоий шериклик муносабатларини тартибга соладиган 100дан ортиқ норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар мавжуд ва уларни қуйидаги 3 гуруҳга ажратиш мумкин.

**Биринчи гуруҳ.** Мазкур ҳамкорликнинг конституциявий-ҳуқуқий асосларини белгиловчи Конституция нормалари ва маҳсус қонунлар.

Улар орасида “Ижтимоий шериклик тўғрисида”ги маҳсус қонун ушбу соҳадаги муносабатларни тартибга солади, ижтимоий шерикликнинг ташкилий, ҳуқуқий, институционал, молиявий жиҳатларини очиб беради. Шунингдек, ФЖИларнинг янада ривожланиши ҳамда аҳолининг ҳуқуқ ва эркинликлари, манфаатларини ҳимоя қилиш, амалга оширилаётган ислоҳотлар самарадорлигини таъминлаш, мамлакат тараққиётига оид дастурларни амалга ошириш, ижтимоий-иқтисодий, сиёсий-ҳуқуқий, маданий-маърифий, эколого-гуманитар муаммоларни ҳал этишда уларнинг ролини кучайиши, давлат тузилмалари билан ўзаро муносабатларидаги аниқ чегараларни ва ташкилий-ҳуқуқий механизмларни белгилайди [2].

“Ўзбекистон Республикасида жамоат бирлашмалари тўғрисида”ги қонуннинг 5-моддасида қайд этилишича, “Давлат жамоат бирлашмалари ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларига риоя этилишини таъминлайди ҳамда Конституцияга мувофиқ улар ўз уставларидаги вазифаларни бажаришлари учун шарт-шароит яратилишига кафолат беради” [3]. Шу каби ҳуқуқий нормани “Жамоат фондлари тўғрисида”ги қонун 8-моддасида ҳам кузатиш мумкин: “фондларнинг давлат органлари билан ўзаро муносабатлари ижтимоий шериклик, юридик ва жисмоний шахсларнинг ҳуқуқлари ҳамда қонуний манфаатларини ҳимоя қилиш асосида қурилади. Давлат органлари фондларнинг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларига риоя этилишини таъминлайди, фондларнинг ижтимоий аҳамиятга молик дастурлари ва лойиҳаларини қўллаб-қувватлаши мумкин” [4].

“Нодавлат нотижорат ташкилотлари тўғрисида” қонун 4-моддасига кўра “Давлат нодавлат нотижорат ташкилотларининг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларига риоя этилишини таъминлайди, уларга ижтимоий ҳаётда иштирок этиш учун тенг ҳуқуқий имкониятлар яратиб беради. Нодавлат нотижорат ташкилотларининг алоҳида ижтимоий фойдали дастурларига давлат кўмак кўрсатиши мумкин”, деган қоида ўз ифодасини топган [5].

Давлат ва фуқаролик жамияти институтлари ўзаро ҳамкорлигига оид нормалар “Нодавлат нотижорат ташкилотлари фаолиятининг кафолатлари тўғрисида”ги қонунда ҳам ўз ифодасини топган. Унга кўра: давлат ННТларнинг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатлари ҳимоя қилинишини кафолатлайди; уларни қўллаб-қувватлаш шакллари (субсидия, ижтимоий буюртма бериш ва грантлар ажратиш, ахборий ёрдам курсатиш ва ҳ.к.) ва шартларини белгиланган; юридик ва жисмоний шахслар қонун ҳужжатларига мувофиқ ННТларнинг фаолиятини молиявий ёки бошқа жиҳатдан қўллаб-қувватлашлари мумкинлиги белгиланган.

**Иккинчи гуруҳ.** Айрим моддаларида айнан давлат ва нодавлат ташкилоти ҳамкорлигининг у ёки бу жиҳатларини акс эттирган муайян соҳавий қонунлар. Мисол тариқасида “Меҳнат кодекси”, “Норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўғрисида”, “Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси тўғрисида”, “Ёшларга оид давлат сиёсатининг асослари тўғрисида”, “Ногиронларни ижтимоий ҳимоя қилиш тўғрисида”, “Истеъмолчиларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисида”, “Коррупцияга қарши курашиш тўғрисида”ги қонунларни кўрсатиш мумкин.

Хусусан, Меҳнат кодексининг 6-моддасига кўра “меҳнат соҳасидаги ижтимоий шериклик принципи ходимларнинг, улар вакилларининг, иш берувчиларнинг, улар вакилларининг, шунингдек давлат органларининг ижтимоий-меҳнат муносабатларини тартибга солиш масалалари юзасидан ходимларнинг, иш берувчиларнинг ва давлатнинг манфаатларини мувофиқлаштиришни таъминлашга қаратилган ҳамкорлигидан иборатдир” (трипартизм тамойили).

Кодекснинг 40-моддасида меҳнат соҳасидаги